

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon Bestuur Pasoendan Bogor. di Tjandjoer Bestuur Pasoendan Tjandjoer. Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan Bestuur Pasoenda Tjiamis. Djawa wetan Bestuur Tjabang Pasoenda. Soerabaya.

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjiek di Drukkerij Soekapoera Tasikmalaja.

Redaktoer: SOETISNA SENDAJA ATMAWINATA Redaktoer di Batawi SOERADIRADJA.

KARANGAN adresna ka REDACTIE Heerenstraat 31. POSTWISSEL sareng serat noe sanes deui ka ADMINISTRATIE Tjimoeloeuweg No. 25 Tasikmalaja.

Pangaos ADVERTENTIE: 1/10 katja f 2,50 } Sakali moeat 1/20 " f 1,50 } Langganan langkoeng mirah.

LANGGANAN. 3 sasih. f 1,50 Dibajar ti paoen. Salambar 15 sen.

### Taon kapat.

Sanadjan Sipatahoenan tatjan djadi soerat kabar sakoemaha noe ditjiek, nja eta noe boga sipat-sipat aloes, aloes sagala roepana; sanadjan kaloe-arna angger keueh bae saminggoe sakali; sanadjan tatjan bisa narik manahna noe laloehoeung elmoena, geusan ngamalkeun kaoningana; tapi pikeun noe ngajoega lahina Tjabang Pasoendan Tasikmalaja, batiuna "Pasoendan" sagemblengna, keur noe ngajoega, boengah tanpa wawilangana, rek katembong boektina, Sipatahoenan koedoe hirongna. Tetela ujoempohan kana kaperloennana oerang Soenda, da tjtjak oepama teu batoeoeueun, meureun mowl bisa umbahan oemoerna.

Kamadjoenana bisa ditalingakeun koe sing saha noe daek nalingakeun. Bener teu ngagoroetnek, tapi kadjuun teuing kendur oge, asal ngagembol bae.

Beuki tambah-tambah atohna, oepama diingetkeun koe saiah sahiji pihak geus ditjaba-tjaba Sipatahoenan rek ditekoek. Lain rek deui, geus kek manten. Lain atoh doemeh di tekoek, atoh soteh lantaran Sipatahoenan teu ragrag koe panekoek.

Taja lian noe djadi sabab koe timbangan, kadjaba ti kadjoeroeng koe waktos, kapaksa koe kasajaan, ninggang dina koedoea oerang ngabogaan tempat nembongkeun angen-angen oerang, pejut, beung, hajang, kadanggoe koe noe ti paoen, kanjahoan koe babatoeran, soega djeung soegan mangpaat keur sarereea.

Kana kamangpaatanana Sipatahoenan, goeriana keur oerang rea, kawas teu koedoe lamham deni, sabab teu aja barang noe septi tina harti. Ngan dina gede leutikna, eta lain perkara. Lain koering noe koedoe nimbang, moal hade ngeupeul ngahoeupan maneh.

Rantjana gogoda, ririwa panghalaw madjoena Sipatahoenan, kaboeaktianana sabalikna.

Noe tjegekan, noe naringgalkeun kalangan Sipatahoenan, noe loek loek noeroetkeun hieukna "Angin Madjapait" digantian koe noe sedjen, noe kabawa koe "Angin Barat", Kawas enja rek mikadeudeuh, miasih, teu kabawa koe sakabi-kaba.

Lain bae lid-lid pagoejoeban Pasoendan noe miloe wakik pangheumbatna doeroewiks, miloe nangtjoengan hiroepna augen-angen noe leutik, oge noe sadjen, noe teu sadjalan ngoedagna maksoed, djoel djol marere pangdeudeul. Anoe koedoe tea kitoena teh, sabab noe dioedag koe pagoejoeban Pasoendan, lain kamoejoeban hidji golongan, lain kasogemman elid-elidna, tapi kamoejoeban oerang Soenda, tanah Soenda sakoemana.

"Pasoendan" miloe atoh kaleheran kamegahan, dimana Soenda kakontjarekueun kawangikeun ngaranna. Kadjeun teuing sanadjan noe teu sadjalan pikirana, beda tjetjekelanana.

"Pasoendan" Sipatahoenan dina lebah pabentar pikiran, teu rek sian djadi patjengkad, papaseaan, da matak poho kana maksoed, noe gede: kamoejoebanana oerang Soenda.

Tjeuk Walanda: "Zooveel hoofden, zooveel zinnen". (sakitoe lobaua sirah, sakitoe lobana pikiran).

Enja, noe matak usok paketrok. Tapi moal nepi ka teu ngahormat kana tjetjekelanana (oeginselen) batoer.

Moega koe sarereea ieu ditjatek bener-bener.

Perkara tinggal perkara (zaken zijn en moeten blijven zaken).

Ka noe parantoe sareng ka noe bakal ngadeudeul koe harta, harti boh tanaga, hatoer sewoe noehoer.

Ngadeudeul Sipatahoenan saroea djeung ugaloeung Oerang Soenda.

Soet. Sen.

### Poenale Sanctie.

Dina waktos Congres Pasoendan di Tjandjoer hal ieu koe Dirg. Parta Amisena ditjaroskeun anoe "pandjang lebar tea. Sakoemaha noe geus diaspekkeun kana Sip. Ditetek koemaha kasangsaraanana kret-koeli noe asal ti oerang. ti dieu, ditembongkeun kanistaanana, koemaha dianggapna koe noe djadi doenoenganana. Tjeuk noe miloe ngadengekeun, noengkoelan kongres, nepi ka loba noe ngalimba, tina kasedianana.

Katembongna atawa karasana goreng eta atoran, lain koe oerang bae, kaom noe aja di bandap, oge koe djelema-djelema noe kaasop kaom doenoengan. Malah "Insider" (noe njaho) dina Vrijzinnig weekblad geus njeboetkeun eta njiksa koe koeli noe sok maringgat tea, geus galih, pagawean loembarah. Geus leuwih tina mistina malahan kana ditjabeutna eta atoran (Poenale Sanctie tea). Tapi Pamarentah roepana ngan agagagan bae.

Qandjoeng di Volksraad loba wawakil noe teu bosen keukeureuwent menta ka noe kawasa, Pamarentah, soepaja eta atoran gantjang dileuugitkeun. Malah koe wakil "Pasoendan" dianggap papantjenna pagoejoeban oerang, pikeun roemodjong, tjampoer djeung sakoer noe hajang ngaleuugitkeun eta atoran. Moen teu salah sakoer noe dikanditkeun (didjogokeun) koe Pasoendan dina waktos pihlian di Volksraad, geus dipenta perdjandjianana pikeun njokong tanaga, noe ngadjoeroeng lakoe kana Poenale Sanctie tea. Sarereea moal bieuuk toean Stokvis teu euren-euren ngabebenjung eta atoran.

Dina zitting ajeuna geus aja doea motie noe dipadjoekueun di Volksraad noe maksoedna hajang ngaleuugitkeun Poenale Sanctie.

Motie noe kahidji ditanda koe toean Stokvis, (noe boga aipoekah) Midden-dorp, Alimoessa, Soeangkoepon djeung Otto Soebrata.

Maksoedna: Soepaja ti tanggal 1 Januari 1928 oelah aja noe neken deui kontrak (reengagementscontract). neken deui di tempat pakoeliana, ti tanggal 1 Januari 1930, oelah aja noe neken kontrak kaloeat ti oerang (immigratie - contract) noeroetkeun angger anggeranana Poenale Sanctie.

Motie noe ka doea ditanda koe Soerose (noe boga aipoekah), Soetadi djeung Mochtar. Maksoedna: soepaja dina djero sataoen Poenale Sanctie moesna sarta noe neken deui (reengagementscontract) ti mimiti taoen hareup koedoe dilarang koe Pamarentah.

Motie Soerose leuwih radicaal (keras) batan noe Stokvis. Ngan teuing Pamarentah teu boga waktos keur ujhingha, tatarah njeun atoean anjar. Oepama aja tea mah noe kapilih, sarta moega - moega aja, tangtloe motie-na Stokvis.

Oepama Pamarentah nengetan bener-bener kahajangna rahajat, kawas geus moal bisa moengkir deui, tangtloe koedoea ngadaugeo kana tjita-tjita noe geus sakitoe liana djadi toetoer tjatoer oerang priboeumi.

Ten woedoe lebah dieu hajang

geura ngadenge orana Economische groep (Zalinger, Oppenheim) noe njeboetkeun: Inlandsch belang is ouderneemerschappig atawa sabalikna. Moegi laksana paedja sarereea.

### Pageboeg.

Inkomsten belasting.

Rea pisan pagawe Gouvernement anoe meunang kasoesah, soesah anoe beh ditoeun soesah lantaran geus m-reunang besluit potongan gadjihna, pikeun malajar Inkomsten belasting. Ari anoe diparotong masih gede keneh sesana mah moal ngadjudikeun sababaraha soesahna. Tapi eta ringgang ka anoe gadjihna ngaw f 52,70 (sanggeus dikorengan koe pensioenfonds), ajeuna dipotong deui pikeun majar Inkomsten belasting taon 1923, 1924 djeung 1925 reana djeung dendaan f 51,16. Atoh ngan kari f 1,54, oestoening ieu mah teu aja peperetna. Djaba ti eta aja deui anoe gadjihna: f 45 dipotong f 26,70 f 125 " f 61,79 f 50 " f 25,07 f 85 " f 71,21 djeung rea-rea deui.

Pogoeah, hoetang belasting naon-naon oge koedoe dibajar ka nagara. Tapi dina lebah gadjih kabeh dipake majar mah dina sakali geus, nepi ka teu aja tadeuun, tetep bae djadi kasoesah. Lamoen aja hidji pagawe Goepernement, meunang kasoesah anoe tjara kitoe, koemaha kira-kirana bisa sampoerna ngadjalankeun gawena? Naha teu matak djadi halangan kana gawena?

Noeroetkeun kajakinan sim koering, Pamarentah teh salilana koedoe nangtjoengan kana kasalametan sakabeh rajatna, djeung pagawena. Pamarentah teh koedoe ihtiar soepaja nagara djadi rahardja. Lamoen aja sabagian tina rahajat (abdi-abdina), meunang kasoesah, eta hartina kasalametanana kanganggoe. Naha teu matak ngoerangan kana kahardjaan nagara?

Di sakabeh bangsa, di sakabeh nagara pada ngabarogan hoekoem adil. Deui noe disebat hoekoem adil teh uja eta: anoe salah disiksa, anoe hade digantjar, sarta narimbangan kana kasalametanana at. kahadannana, boh siksanaanana boh gandarjanana.

Tah dina lebah dipotongan tina gadjihna, sakitoe galedena, pikeun majar belasting taon 1923, 1924, 1925 malah aja noe ti taon 1922. sim koering teu bisa netepkeun mana noe salah.

Di sawareh aja noe salah belasting betaler, di sawareh tempat aja kasalametan ti pihak anoe ngah (anoe ngeroes belasting). Sim koering geus njaksian sorangan di hidji tempat ti taon 1922 teu ditagih-tagih belasting. Ari djeboel teh panagihan dina taon 1925 disamasakalikeun, atoh teu woedoe djenok, rea noe leuwih ti batan gadjihna. Koe lantaran kasalametan pangoroena ari kasoesahan djatoh ka Marhaen. Palebah dieu mah asa soelaja djeung noe disebot adil di loehoer.

Sim koering ngadenge ti sababaraha oerang pagawe Gouvernement, di sababaraha tempat, rame pada ujaritkeun hoetang padjeg. Roepana perkara eta teh geus djadi senen kalemekan. Djadi tetela rea pisan anoe boga hoetang belasting teh. Koe lantaran rea noe boga hoetang: Toean Belasting njoeratan ka djoer. Wadana.

Djoer. Wadana njoeratan ka Djoer. Tjamat. Djoer. Tjamat njoeratan ka noe boga hoetang. Eta soerat balik deui tatalapa kaloehoer, oepas boelak-balik, koear-kier; keretas hamboer, mangsi hamboer, soeep archief, soeep

bundel nambahan gawe Djoer. Oelis. Ti Toean Belasting njoeratan deui, kelak ka Toean Assistent Resident. Ti dinja ka Departement masing-masing.

Di Departement riboet, pahiboet Djoer-Djoer. kelerek-kelerek, Djoer-Djoer. komis ngaretek bisioeit. Ampop, mangsi, keretas djaba gawena. Koemaha hasilna?

Ari hasilna mah kanoe boga hoetang matak soesah, koedoe majar sakali geus. Matak nambahan gawe. Matak nambahan reana keretas, mangsi djeung kalam anoe kapitjeun di sababaraha kantor pagawe Gouvernement anoe kasabat di loehoer.

Ari panoehoen mah, tjing atoh ka pagawe Gouvernement mah, da poegoeh gadjihna, diaoer tjara majar pensioenfonds, ditoeungtoet bae saban boelan. Eta tjajah rea pagawe Gouvernement anoe baroga kahasilan ti noe sedjeu, atoh teu matak naon "SA" deui bae, da poegoeh itoenganana. Djeung deui pagawe Gouvt. anoe laleutik mah rereana ngan hiroep tina gadjih woengkoel, kome beuki peraloe dipotong boelanan.

I. Koe djalan ieu moal aja pagawe Gouvt. noe boga hoetang padjeg.

II. Ngoerangan gawe ka A. R. ka Wadana, ka Tjamat sarta saponggawana.

III. Ngoerangan kana sohrijfboeften.

IV. Ka pagawe Gouvt. karasana enteng teu koedoe majar padjeg bleg-blegan gede.

Ieu dadaran moegi djadi pangwoe-woeh kana dadaranana bab ieu keneh dina Sipatahoenan kapengkoer, sareng panoehoen moegi Djoer. Redaksi kersa ngintoenkeun bab ieu ka satan Departement. Samemehna hatoer tim-pah noehoer.

### Pa Katjocag.

Noot Red. Jaktos telenges, oepami motong tina kaentoenganana (gadjihna) henteu aja ras-rasan atawa henteu ngango atoran sakoemaha atoran anoe kasabat dina Stbd. 1926 No. 362 eerste lid. Anoe kieu oenina: Saha-saha noe boga kaboebeurat ka goepernemen, sarta pangasilanana ti goepernemen dina sabaelan f 900 atawa koerang, dipotongna saboelanna saporapatna tina gadjih. sanggeusna dipotongan koe noe sedjen-sedjen kaperloesan tjara keur pensioen enz.

Moepakat pisan lamoen padjeg dipotongan tina gadjih oenggal sasib, malah ieu perkawis koe lid Volksraad Dirg. A. A. Wiranatakoesoema dina zitting taon pengker parantoe dibarempagkeun. Djawaban wakil pamarentah, rek ditimbang - timbang djeung dibestudeer heula.

### Tjoerat - tjaret.

Koedoe ngagantian. Tjeuk noe njarita: di desa "Tjimo-alsalah", di Priangan Wetan koemetir teu kataban nendjo doeit bang desa. Dina waktos noe make aja taonna, ditoeungtoet digeresi, nepi ka aja rebeena. Saha noe nanganan? Loerah! Noe dawu Loerah! Noe kapantjenna koedoe neangan nja Loerah, Tamaha ki Loerah, taledor. Ajeuna bedjana geus beunang. Malah geus ngakoe noe kataungkep teh. Ngambat ka djoerotoelis desa. Mas oelis teu kanteon ngiring ka "Loeman Goepernemen". Ngan aja noe aneh make diboe- toetan madjar Loerah koedoe ngagantian. Eta kitoe pedah taledor?

TI pipir hawoe. Ten loedeung?

Dina Openbare Vergadering, publiek beurin oesik.

Oetoesan Vereniging? Tjabe Beureum fawil Ontjom noe Kdj. Pandji Soema Ardi parasidenna tea, ditanja koe noe njeun motie.

"Naha oetoesan Tjabe Beureum moepakat kana ieu motie?"

Tjabe Beureum: "Soemoehoen bade barempag heula bae."

Noe nanja: Naha diatoes teh sanes koe T. B. T. O.?"

Tjabe Beureum: Soemoehoen, nanging koe Parasidenna bae, eta teh Saral kaom kapan, oeninga panginten kol.

Gelenjoe.

(\*)

Moen enja bet asa rada leungit ki Adil lebah dieu.

Dina waktos rotjet boekoe noe sok nalingakeun djaba ti loerah teh, aja deui Mantri Loemboeng (bedjana geus dilepas) djeung loeloehoerna Adj. Inspektior V. C. W. Kabeh pada boga kawadjiaban mariksa. Toeroeg-toeroeg koe Loerah pisan kapanggihna. Atoh saloeheerunana, uoe leuwih palalinter, leuwih taledor mariksana, boektina koe maranbana mah teu kajanggih. Nja leuwih taledor, nja leuwih palinter. Siga koemaha atoh dosana! Ari noe bodo mah, bodo. Ieu mah noe pinter!

Noe matak asa apeh, matak teu ngarti. Lain sakali doea kali, aja toean Ontvanger tjareraman kana doeit Nagara, malah Kontrolir, Assisten ajada poegoh toenggal djelema - djeung lain saeutik-saeutik ana njarokot teh. Gebloeg lima poeloeb, genep poeloeb rebloe. (melah ngaratoes! Corr.)

Dina katoeungtikna, kapanggihna, asa atjan ngadenge noe boga kawadjiaban nalingakeun make djeung diwadjiabkeun ngagantian. Bisi djadi kabodoan koering bae. Tapi oepama enja, tjing aroeninga wartosan, hajang terang. Noeroetkeun atoran mana tea eta teh!

Eukeur mah eukeur Ki Loerah bodol pesakna, pake aproek-aproekan neangan noe kaboe, pake ongkos sapion sagala roepa. Ajeuna djol uoe kitoe. Dasar kampoeng, atoen mani ngompod.

Tjing atoh leuleuger ajeuna mah! Koe noe geus karandapan oge koe manehna, asa geus koerang koemaha siksaa. Ieu djol deui panjingstjeunan Atawa enjaan hajang digantian, ngarah giak noe djadi doenoengan? Zilatisme? Arme Bendara! tjeuk Gelenjoe tea mah.

Roemasa, ki Silah, roemasa bodo, mani hemeng teu kaharti, naon noe djadi sababna pang Tenggeling (Tjong Hoa) koedoe disaroekkeun hakna djeung Walanda. Tjeuk advies Mr. Fock mah perloe digoege. Nae sababna: naha leuwih palinter kitoe? Leuwih baleunghar? Leuwih . . . . . pendek teu kaharti. Tjeuk sakedapan mah, barang ngeng bedja, mani geuwat ngalirik diri, ngeunterangan beunang, hajang nendjo tjap sorangan, tjap kamstaa?

Atawa teu matak hina ka oerangna? Teu dibinakeun?

Tawakoep, roeseeh!

Abah si Eatjep.

(\*)



**Sipatahoenan djadi sorana oerang Soenda.**

Samemebna ngatjapkeun angen-angen anoe baris dipedarkeun di handap ieu leuwih heula sim koering njoehoeneun ka noe mios sok soe-naawonna ka djoeragan Redacteur Hapontenna, tina kahilapana margi mamaknakeun hoemajoea miloe oele bioeng gadoeh angkoh hajang ngalebetkeun kana Sipatahoenan.

Sipatahoenan djadi sorana oerang Soenda tjeuk sim koering; anoe moal lepat deui di kota-kota di dessa-dessa atawa ka kampoeng-kampoeng tauwande nerka Sipatahoenan djadi aomnana oerang Soenda tjeuk tadi. Tapi eta sangkaun tetih tita boektina, anoe sakitoe aogen-angen tetep sipatahoenan djadi aomnana oerang Soenda, mahiwal tina kajajana. Anjar keneh sim koering njae ka baraja-baraja di wewengkon Soenda keneh, bet loba keneh pisan noe atjau langgan Sipatahoenan, padahal ana diemoet-emoet Sipatahoenan teh di-oerona koe oerang Soenda, kagoenganana oerang Soenda, momodal oerang Soenda, diantjajoeun koe boedi Soenda, keur aomnana oerang Soenda, ateh meureun oerang Soenda anoe karagoeng kawadjiaban ngadjoengdjoengkeun Sipatahoenan. Waktoe keur ngamimitan sim koering ngalangan Sipatahoenan bareng pesen langganana sates serat kasar anoe dipingpin koe sedjeun bangsa sarta doekap arangan ka kantorna. Kana Sipatahoenan lebet nomerabonnement 662, mi serat kabar sates uoe dipingpin koe sedjeun bangsa sarta ngangge modalna sedjeun bangsa lebet abonement nomer 28881. Tjaba tingali nomerna ti Sipatahoenan ka nomer eta serat kabar sababna gaudjarna ... padahal eta serat kabar ajana oge di tauh oerang Soenda. Nge-moetkeun kaajana oerang Soenda sarta eumna oerang Soenda, sababna peolech ribe ane ahli seseratan nganggo basa Soenda. Koe emoetan pirakoe kirang anoe seueung langganau eta serat kabar, na aja hidji doea noe ten resep aomnana serat kabar aia oge anoe njebatkeun teu tjekip pikeun eusi hasenpau, malah aja pisan noe njaritakeun, oerang martabat handap oepama miloe gelece bioeng langgan oerang Soenda, sok dipika idjid koe doenoengan, madjarkeun teh beoleg gede hooe kakara martabat ... geus hajang njaroeaan chef, eta henteu bisa djadi kitoe, atawa meuang djadi kitoe, anoe toga tabeat kitoe beuang oge dijabat ngabogaan merk G. I. L. A. H. C. M. A. T. pamoea bae anoe ngagadoeh kitoe geura mangga singkahkeun ka laetan kidoel.

Ana dilenjepeun poegeh SIP. teh pikeun ngamadjoekkeun bangsa Soenda, ngalameun basa oerang Soenda, anoe sakitoe pohara pikaloetoeun dina sagala ketjap-ketjapna Soenda, lebet-locjoe. uninggang pisan dina wirahmana komo ari nugal dina verslag kempelan para nonoman, (Sekar Roekoel) Pasendan, Raad kabapatn sareng sones sanesna, oepami salasaoran asa ngareunah pisan, koe mo launen nugal pribadi dina waktoe kempelan, kakara nugal dina serat kabar sakitoe pikaloetoeunana, angot ari nugal Sipatahoenan tanggal 10 Mei 1927 No. 45 (Verslag Vergadering Pasendan) tjawaug Tjiamis, lamoen tisa mah hajang djiteng bae ka Tjiamis dina lebah djoeragan Bratawidjaja njaerkeun:

Aja samboengana.

**Wartos ti Administratie.**

Moegi enggal dikintoeunkeun artos langgan kwartaal ka III 1927. Noe koering Sip. pertjabaan nanging henteu bade ngalangan, sae eta koran enggal wangsoeureu deui. Noe noenggak langgan sareng henteu ngawartosan iraha eta toeng-gakuun bade dibenasanana, ka pajoen Sip. ngitoeuna bade distop bae.

**KABAR**

(Tina s. k. sanes).  
Di Fak-Fak (Nieuw-Guinea) mimiti boelan Juni aja Stasion pikeun telegram teu make kawat (radio).  
Lie A Hien oerot goeroe sakola Tionghwa di Soerabaya noe koe Pamareutah Hindia dibalikkeun ka Ti-

ongkok, lantaran ngadidik kakoemini-sari ka baroelek, koe Pamareutah Tionghok geus ditangkep sarta bakal diwere hoekoem drel, koe satab ngadjalaukeun propaganda kakoeminisan.

Kg. Dalem Bandoeng R. A. A. Wiranata Koesoema bakal perlop ka Nagri Walanda satahoen pikeun ngoolik perkara ekonomis (kaperoesan hserip), tatanen, ingon-ingon (veesteel), ngala laok, dagang djeung kooperatie. Hidji ambtenaar koe Minister Djadjahan diidinan ngahatoeranan piteoeng ka mantenna. Iraha miosna teu atjau ditetepkeun.

Hidji toekang ngala tjal di Batavia di Tasikmalaja dina poe Djoema-ah kira-kira poekoel 5 sore geus palid di waloengau Tjiliwoeng deukeut Lebak Kwitang. Majitua kapanggih (B. T.).

Di Hotel Samorana Kramat (Batavia) aja vergadering comite pikeun ngadoengkeun kapertjajaan rahajat R. T. Djakodipoero njaritakeun maksoedna pagoejoean noe bakal diadegkeun nja eta minangka djadi sarak antara Pamareutah djeung rahajat. Ieu pagoejoean moal tjampoer politiek.

Noe kapilih djadi bistir Voorzitter Noto Atmodjo, Secretaris: B. Hoeseodo, Commissaris R. Achmad, R. Goenawan djeung Parta Amiseua. (B. T.)

"Soerabahaich Handels'lad" menta deui nae soepaja di Hindia aja Nederlandisch nationaal eenheidsfront (pagoejoean woengkoel koelit poetih Walanda).

Tjeuk A. I. D. ajena kakoerangan kapal pikeun mawaw koeminis noe diboeang ka Digoel girang. Keana noe geus ka Digoel aja 268 djeung ± 200 sanak pamitna.

Di hidji poelo deukeut Riouw koelikoeli Tionghwa di galian tin (timah bodas) geus ngaraman.

Koeli-koeli rek ngantem Kontrolir djeug 4 poehsidinar. Miiter madjoe. 90 koeli ditangkep. 8 gegedeogna ditangkep dibawa ka kota (A. I. D.).

Toean Stokvis (I. S. D. P.) di Volksraad ngitoeung sesana hagrouting kaloearan (gunstig verschil) ti tahoeu 1912 nepi ka 1928 aja f 913 juta. Bezuiniging djeung nambahan beu-ratna padjeg saenjana henteu perloe Toean Beets njaritakeun perkara landrente (padjeg sawah). Njarita aja halanganana oepama di tanah pa-tikoelir noe kakara kabelli koe Goepere-nen dijaan landrente.

Djr. Soekawati menta soepaja landrente di Bali oelah waka ditaekeun. Djr. Mandagi menta soepaja pauarikan padjeg di Minahasa dijemuaran.

T. Van Helsing menta soepaja oepaten padjeg pangasilan boeroe boeroe dileungitkeun.

Toean Laer - Black ti Amsterdam hiber ka Hindia ajena geus nepi ka Rangoen teroes ka Bangkok (Siem).

Di Hidji Student bangsa Indonesia di Delft digalajah kapanggih hidji soerat noe nembongkeun perhoetoe-nganana manehna djeung Soviet Roesslan.

Pagoejoean Nederland di Zurich (Zwitserland) djeug Kamer va-

ko phandel di London protest padai Walanda - Walanda noe keur ng'em'ara di nagara sedjeun dikemua-an padjeg.

Dibenoeim djadi lid kahormatan pa'neolau "karadinaan djeung dagang" Sir Henry Deterding (radja minjak tanah), Fokker toekang njeun me'ra liter. Phillips toekang njeun lampoe listrik djeung J. Muysken direktor Werkspoor.

Poelisi den Haag nangkep djelema noe sok ngadoelau awewe. Manehna geu. soesoeratan djeung awewe bang-sa moener di Den Haag.

D. Roesslan aja angin topan. Gede kar'eksekan. Di Moskou aja kahoe-roem gede.

Loon Daudet Redakteur-Direkteur s. s. di Partis Action Francaise (raja-liso) = dadasar karadjaan) geus ditangkep sarta ditoeop di boei. Hidji waktoe Direktore boei meuang telegram ti Minister oeroesan djero nag'ra jen Daudet koedoe dileupas-keun sarta kaloeat ti Prantjis. Ari pra-ten noe neleporana lain Minister. tapi djelema noe riros-nitoe sora Minister. Direktore boei dischors.

Oe oet pagawe Hongkong. Canton. Macao Steamboat Coy di Tionghok geu nganoek ieu maskape, sabab ieu maskape noe Inggris.

Papasean antara Jugo Slavic djeung Alb'nie ajena geus dibeteres koe Volkenbond.

Noeroetkeun poeoesan karadjaan-kerajaan geue henteng-henteng di Djerman noe aja di wates beulah watan bak i diboeas.

Sreseman, Rijkskanselier Djerman njarita di Rijksdag jenu Djerman moal pipareun dina perkara papasean Roesslan djeung nagara-nagara sedjeun saperti Inggris d. s. t.

**AGRES noe parantos KASSHOR**  
**DAHJAN**  
Toekang Mas Roemah 18  
TASIKMALAJA.  
Ngitjal roepi-roepi perhlasan tina mas sareng perak damelan pribad'na, sareng nampi padamelan sapertos Nadamel pending (band) pinggel pent, soember, silpeu, padam lan ditanggel sae sareng enggal.  
Diabi ti eta ngitjal roepi-roepier-istijil sakoe, erlodji, tangan, wekker, d'mpet alpaak model anjar sareng sere-sreueur deui perhlasan mangga djoeragan djoeragan enggal saroeumping sa-pidos kaecingna.  
Tina Tentoonstelling Tasikmalaja parantos kenging:  
**EEREDIPLOMA MEDALI**  
**MAS.**

**BEKENVERZENDREIS L. A. LEZER BANDOENG**  
**NEMBE WEDAL:**  
**CURSUS IN DE NEDERLANDSCHE TAAL voor de Soendaanezen (Cursus de basa Walanda pikeun oerang Soenda)**  
Karangann  
**L. A. LEZER**  
dijilid ka I.  
Nja eta boekoe pangadjaran basa Walanda noe gampil pi-sau, sae pikeun diadjar sorangan sareng anggoeun cursus atanapi sakola.  
Pangae f.075, franco di pos, anteken f 1.10. Rembours tam-bih deui f 0.25.  
Cursus sareng sakola kenging korting 15% oepami ngaga-leuh 15 boekoe atanapi langkoeng ti sakitoe.  
**TOEROEN PANGAOS.**  
Boekoe-boekoe pangadjaran WALANDA-SOENDA, anoe 3 djilid tea, aja eta *Leerboek, Voorbeeldenboek* sareng *Woordenboek*, ajena pangoesna diadamelkeun sareng noe kasebat di loehoer nja eta f 0.75 sedjilid atanapi f 2.25. tiloe djilid, djabi ti ongkos.  
Doepi ongkosna eta 3 djilid franco di pos f 0.40. Rembours tambah deui f 0.25.

**TOKO NIC MULLER TASIKMALAJA.**

Goenoengladoe 15 Telepon No. 26.

Sajagi sagala roepi landong. Landong sagala roepi kasawat. Landong noe babar (sagala roepi kaperloean). Landong noe tas disepitan. Kaperloean perban-perban. Barang-barang kaperloean salira (toiletartikelien). Sagala roepi landong sajagi. Moendoot bae prij-courant engke dikintoen perdio. Ajeuna parantos sajagi sagala roepi sesepetu, kaloearan Eropa sareng boe-atau Negresco. Noe moerah noe awis sajagi. Noe awis sajagi pak alit. Soeroetoe sareng sigaret roepi-roepi. Awas! Di Toko sajagi keneh tjelap sindjang rakoekan sareng sagala roepi beuaug. Boengkoes alit pangos f 0,25 boengkoes ageung pangos 40 cent. Muga saemping ka toko, ningalian sareng milih uauu noe perloe.

**HOERMATNA NIC MULLER.**

N. B. Si Christiana parantos diitjal. Noe bale diitjal hidji roda paranti ngider ka pasar-pasar sae keur noe dagang batikan, margi kontjina paguuh. Dilebet nganggo rak anggoeun tempat barang.

**KLIROE SEKALI.**

Kabe Toean-toean tida rata-rata toeroet gosambira boeat me-ngadakeun pesta besar, pada nanti hari Sabtu ddo 30 April 1927, waktoe peringetan hari lahir dan tjoekeep oesia 18 tahun, poetri Juliana di Nederland. Boeat menjatakan kagoembi-raanja orang-orang jung soeda dewasa dan anak-anak, tida ada lain djalan jung saempurna, kita senduga soeda kasi dateng roepa-roepa kembang api (vuurwerk) dari Fabriek Lauw Kang Boen di Batavia, jung soeda tobrapa kali dapat medali mas di pasar gambir. Dan roepa-roepa petasan jung bagoes sreuta ujuring swara-ja.

Boeat toeroet menjatakan goembira, boekan sadja kaom soedagar, jung paling toeroetama Toean-toean Heester sekola jung dapat subsidi dari Gouverne-ment dan Toean-toean Priaji jung masi pegang diest. Dari sebab banjak jung bakal toeroet menjatakan girang adak-ken pesta, kita harap Toean-soeka lekas dateng di kita poenja toko, soepaja diblakaug hari dja-ngan sampe menjesel. Memedjiken dengan hormat  
**YO TEK SENG.**

**Toko KHOUW SIAUW SENG (Toko BENG).**

Sajagi kareta Mesin Merk SIMPLEX sareng Merk Europa (England).

Sajagi Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, Goodrich harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Tasikmalaja-Cheribon boelak balik Mios ti Tasikmalaja (pajoeuna toko beng).  
1 djam 1/2 endjing 2 djam 11 endjing Mios ti Cheribon  
1 djam 1/2 endjing 2 djam 1/12 beurang Dongkap ka Cheribon  
djam 10 siang 2 djam 4 senten Datang ka Tasik  
djam 10 siang 2 djam 4 senten.

Tasikmalaja-Garoet boelak balik Mios ti Tasikmalaja  
Djam 7 endjing djam 1 siang (S. H. autobus)  
Mios ti Garoet

Djam 1/2 endjing (S. H. autobus) Djam 1/2 siang.

Tasikmalaja-Karangmoenggal boelak balik Mios ti Tasikmalaja  
djam 1/2 endjing djam 1/10 siang djam 1 siang

Mios ti Karangmoenggal  
djam 5 endjing djam 8 endjing djam 1 siang.

Inditna ti Toko Beng.

Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) roepi-roepi Kleurna, saperti beureum ngora, hedjo ngora, boela ngora, ko-neng ngora roa keneh roepa-roepana kleur, sareng kembang bodas nganggo strip Mas aja anoe nganggo leter A. t/m Z. Monogram.

Stoplesah noe nganggo djing-djangan Winkelflusch (kele tempat koeweh) roepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah. Roa keneh barang noe marodel sadja ti eta.

Sajagi roepi-roepi lampoe batre, noe parantos masoer kasanana, sareng kakiatanana, merk Winaster, Evidri sareng tjap bintang, sajagi batrena, bog'onna roepi-roepi oekoeran. Sareng parantos sajagi, Wirdbuks (bedil angin) Merk B. S. A. Caliber 4 1/2 m M sareng 5 1/2 m M. sajagi sareng kagelna.

Sadjab ti eta, roa roepi-roepi barang anoe marodel, Erlodji Sima anoe nganggo tjap kureta api, noe bisa sok diranango koe Personelna "S. S." djalanna akor pisan. Sareng roepi-roepi oetservies noe sae, sareng noe mirah, noe pikeun 12 djalmi, sareng noe pikeun 6 djalmi. Lontjeng, Westminster sareng Filter roepi-roepi oekoeran.

**Preanger Chemicalien Handel**

Telefoon No. 76.

Salamanja sedia roepa-roepa obat patent dan lain lainja, Minoman, Soeroetoe, Sigaret, Katjamata, Cutex, Boncilla, dan pekakas potret.

**SARENG HOERMAT!**

Sareng serat ieu djsim koering Hadji ABIMOEGNI AL-CHATAMI Goerce ngadji Sekola Agama Islam aja di katjamatan Tarikolot, district Tjiawi, Afdeling Tasikmalaja.

Oendjoek oeninga rehna dina sasih ieu Hapit ping 15 taen 1927, ngamimitan moeroek Sakola ngadji Agama Islam, anoe dingaranan Sakola "ASSOER'AH" hartosna Sakola anoe langkoeng enggal, ditanggal tiasa ugadji dilebet sataoen, sareng ditanggol tiasa moeroek margi ieu pangadja-ran kenging metik ti Nagri MEKKAH waktoe djsim koering ngadji di Mekkah, ditanggol ujekapan pikeun moeroek bagbagan ibadadah noe banges perdoe'aen, doepi pamajaranana dina 1 sasih 1 moerid f 0,50. Ari atoe-runana sakoemaha noe kasebat di handap ieu.

1. Di tarima moerid noe oemoerna 12 taen kaloeboer, noe henteu keur Sakola Dasa atawa saes' sakola.
2. Noe bade diadjarkeun: 1. Elmoe Pakih, 2. Elmoe Oesoel, 3. Elmoe Nahwoe.
3. Noe tiloe roepi elmoe di adjar dina kitabna sarta di logatan koe logat Djawa, teras disoendakeun sakali disaksian koe elmoe Nahwoe, di tanggal akoe sareng paladjaran noe galib di Pasantren-Pasantren. doepi kitab noe kedah disadiakeun koe Moerid-Moerid 1. Kitab Sapianah, 2. Itruhim Badjoeri, 3. Adjoemiah.
4. Doepi waktosna ngadjar ngadji kawat ti tabeuh 7 doegi kataboeh 1 siang diadjar saban dinten kadjab ti dinten Abad, sareng malem Djoem'ah di-adjar lagoe-lagoe Arab, lagoe Mesir goena pikeun ngadji Qoer'an atawa ngadji Bardjandji.
5. Oepami Moerid anoe parantos sataoen hojorg ngadji kitab noe arageung sapertos: Pathoel wahab, Toehpah, Mihajah, Alpiah, Djamoel djawame, Djohara maknoen, Manték, sareng lintang ti eta, eta koe djsim koering ditampi sarta vrij henter nganggo pamajaran deui asal noe ksoleoaran moerid ti djsim koering bae, sarta goeroena disadiakeun dina tempat pangadjaran.
6. Nampi moerid saban sasih ngetangna satahoen ti waktoe dongkapna moerid.